

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan


Dina ieu panalungtikan, panalungtik maké pamarekan kualitatif. Ngaliwatan pamarekan kualitatif bisa nyangking pamahaman sarta tafsiran nu nyosok jero tina ma'na, kanyataan sarta fakta nu rélevan. Numutkeun Moleong (dina Basrowi & Suwandi, 2008, kc. 187) yén panalungtikan kualitatif mibanda sipat déskriptif, ku kituna data nu dikumpulkeun umumna mangrupa kekecapan atawa gambar.

Ku sabab éta, métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Ieu métode ngawengku rupa-rupa téhnik déskriptif, di antarana ngajéntrékeun, nganalisis, jeung ngelompokkeun. Anapon nu didésripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta deskripsi carita, struktur carita, sarta ajén budaya nu aya dina novel *Baruang ka nu Ngarora*.

Salian ti métode, desain panalungtikan ogé diperlukeun dina prosés panalungtikan. Desain panalungtikan nya éta sawangan atawa gambaran umum ngeunaan prosés panalungtikan nu baris dilakonan. Anapon desain panalungtikanna saperti di handap ieu:

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan Novel *Baruang ka nu Ngarora*



3.2 Ngumpulkeun Data


3.2.1 Sumber Data

Sumber data dina panalungtikan nya éta benda atawa subjék pikeun meunangkeun informasi atawa data. Sacara umum, sumber data bisa diklasifikasikeun jadi tilu jenis nya éta: 1) *person* (jelema); 2) *paper* (kertas/dokumén), jeung; 3) *place* (tempat) (Arikunto, 2010, kc. 172).

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta buku novel *Baruang ka nu Ngarora* karya D.K. Ardiwinata. Ieu novel mangrupa novel Sunda munggaran nu mimiti medal dina taun 1914. Buku nu dipaké mangrupa buku citakan taun 2013, nu diwedalkeun ku Kiblat. Ieu buku mangrupa sumber data utama dina ieu panalungtikan.

Gamar 3.1

Cover novel *Baruang ka nu Ngarora* terbitan kiblat (2013)



3.2.2 Instrumén Panalungtikan

Dina panalungtikan, tangtu diperlukeun instrumén panalungtikan pikeun meunangkeun sumber data pikeun lumangsungna panalungtikan. Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas nu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data (Arikunto, 2010, kc. 203).

Data dina ieu panalungtikan nya éta hasil analisis struktur jeung ajén budaya dina novel *Baruang ka nu Ngarora*. Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan mangrupa kartu data anu fungsina pikeun nyimpen data-data nu dianalisis.

Anapon conto analisis datana, boh data unsur intrinsik, boh data ajén budayana saperti ieu di handap:

Gambar 3.2

Conto Data Analisis Unsur Intrinsik

Kode data: (D1/1/15/1)
Struktur nu dianalisis: Latar tempat
Cutatan: ...di imah Haji Abdul Raup beurang-peuting geus ramé; rabul anu ngaralayad jeung nu rék babantu.

Data nu ditulis dina kode data mangrupa data hasil nganalisis data nu mangrupa data unsur intrinsik, jeung unsur budayana. Anapon harti tina kodena nya éta unsur intrinsik/budaya, nomer urut, kaca, jeung nomer paragraf. Conto, tina gambar 3.2 kode datana nya éta D1/1/15/1, hartina nya éta (D1) mangrupa kode pikeun latar; (1) nya éta nomer urut; (15) mangrupa kode halaman (kaca); jeung (1) kode paragraf. Anapon kode-kode pikeun unsur intrinsik di antarana nya éta: (A1) kode téma; (B1) kode galur; (C1) kode palaku; (D1) kode latar; (E1) kode sudut pandang; (F1) kode gaya basa; jeung (G1) kode suasana.

Salian maké kartu data, dina ieu panalungtikan ogé maké sistem tabél pikeun ngumpulkeun hasil analisis unsur intrinsik sarta ajén budaya dina novel *Baruang ka nu Ngarora* anu geus disimpen dina kartu data.

Tabél 3.1

Tabél unsur intrinsik novel *Baruang ka nu Ngarora*

No.	Unsur Intrinsik	Data	Kode Data
(1)	(2)	(3)	(4)
1	Téma		
2	Galur		

(1)	(2)	(3)	(4)
3	Palaku		
4	Latar (tempat/waktu/sosial)		
5	Sudut Pandang		
6	Gaya Basa		
7	Suasana		

Sedengkeun ajén budaya nu ditalungtik dina ieu novel ngawengku: 1) ajén tiori; 2) ajén ékonomi; 3) ajén éstétik; 4) ajén politik; jeung 5) ajén sosial. Salian ti éta, ajén budaya ogé dipaluruh tina unsur-unsur budaya nu aya dina ieu novel. Anapon datana saperti ieu di handap.

Gambar 3.3

Conto Data Analisis Unsur Budaya

<p>Kode data: A2/1/38/3</p> <p>Ajén budaya nu dianalisis: Sistem réligi jeung kapercayaan</p> <p>Cutatan: Anu matak lahir Kanjeng Nabi, lamun henteu kuat maradahna, leuwih hadé montong baé, boboho téh teu perlu, malah-malah ku Kanjeng Nabi, geus diwajibkeun pisan, sakur umat anu boga pamajikan, wajib méré napkah tamblik mas kawin, ambéh awéwé betah.</p>

Gambar 3.3 mangrupa kartu data unsur budaya. Kode nu aya dina éta kartu data teu jauh béda jeung kartu data dina struktur jeung ajén budaya. Kode (A2) mangrupa kode sistem réligi jeung kapercayaan, (1) nya éta nomer urut data; (38) nya éta kode halaman; jeung (3) kode paragraf. Anapon kode-kode unsur budaya di antarana: (A2) sistem religi jeung upacara kapercayaan; (B2) sistem jeung organisasi kamasarakatan; (C2) sistem pangaweruh; (D2) sistem basa; (E2) kasenian; (F2) sistem pakasaban; sarta (G2) sistem téknologi. Hasil analisis unsur budaya éta dikumpulkeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.2

Tabél unsur budaya novel *Baruang ka nu Ngarora*

No.	Unsur Budaya	Data	Kode Data
1	Sistem réligi jeung upacara kaagamaan		
2	Sistem organisasi jeung kamasarakatan		
3	Sistem Pangaweruh		
4	Sistem Basa		
5	Kasénian		
6	Sistem Pakasaban		
7	Sistem téknologi		

3.2.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta novel *Baruang ka nu Ngarora*, citakan kadua ku pamedal Kiblat Pustaka Utama taun 2013. Dina ieu panalungtikan, téhnik ulikan pustaka dipaké pikeun meunangkeun data atawa informasi nu aya patalina jeung struktur novel sarta ajén budaya anu nyampak dina novel *Baruang ka nu Ngarora*.

Anapon langkah-léngkah dina ngumpulkeun data nya éta:

- 1) Maca sagemblengna téks novel;
- 2) Nyirian data anu patalina jeung struktur (unsur intrinsik novel) sarta unsur kabudayaan;
- 3) Ngasupkeun data-data nu geus dicirian kana kartu data pikeun dianalisis.

3.3 Analisis Data

Numutkeun Basrowi jeung Suwandi (2008, kc. 192) analisis data téh mangrupa usaha (prosés) milih jeung ngklasifikasi data pikeun ngajawab masalah.

Pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan, panalungtik maké téhnik analisis deskriptif pikeun nganalisis data nu mangrupa struktur novel (unsur intrinsik) sarta unsur kabudayaan nu aya dina novel *Baruang ka nu Ngarora*. Léngkah dina ngolah datana nya éta saperti di handap ieu:

- 1) Klasifikasi data (ngolom-ngolomkeun data);
- 2) Nganalisis data;
- 3) Nafsirkeun data;
- 4) Ngadéskripsikeun data; jeung
- 5) Nyieun kacindekan tina hasil analisis data.